

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salasihiji cara ilmiah nu dipaké ku panalungtik pikeun meunangkeun data, sarta udagan jeung mangpaaat nu tangtu. Métode panalungtikan kabagi dua, nya éta panalungtikan kualitatif jeung kuantitatif. Nurutkeun Moleong (2011, kc. 10) métode kualitatif nyaéta salasihiji métode panalungtikan, anu miboga udagan pikeun meunangkeun data ngeunaan kahirupan masarakat, ngaliwatan prosés mikir induktif.

Sugiyono (2016, kc. 5) nétélakeun yén udagan panalungtikan aya tilu rupa nya éta pikeun néangan, ngabuktikeun, jeung mekarkeun. Mangpaat tina panalungtikan dipaké pikeun maham, ngaguar, jeung nyingkahan pasualan.

Dina ieu panalungtikan, métode nu dipaké ku panalungtik nya éta métode kualitatif déskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 15) métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék nu alamiah, nu-mana panalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikananna, téhnik dina ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif atawa kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana ma'na ti batan *generalisasi*.


Métode déskriptif mangrupa hiji métode anu miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal sacara objéktif tina objék anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan anu didéskripsikeun nya éta ajén réligi dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun Kampung Cinengah Désa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) desain panalungtikan nyaéta rarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu rék dilakukeun. Pikeun meunangkeun data nu rék ditalungtik, nepi ka ngalaporkeun hasil panalungtikan dina wangun skripsi. Pikeun ngalaporkeun hasil panalungtikan, tangtu kudu aya désain salaku rarancang dina panalungtikan. Désain panalungtikan ngawengku proses saperti ieu di handap.

- 1) Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik,
- 2) Obsérvasi, nya éta proses pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, ku cara turun langsung lapangan, wawancara, jeung ngadokuméntasikeun hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan.
- 3) Nangtukeun téhnik dina ngumpulkeun data panalungtikan.
- 4) Nganalisis data, sarta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.
- 5) Ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Bagan 3.1  
Désain Panalungtikan



### 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 2.2.1 Lokasi Panalungtikan

Grup Gembyung Dangiing Buhun salaku objék panalungtikan perenahna aya di Dusun Cinengah Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang. Désa Curug Réndéng aya di daérah pagunungan, sacara umum lokasina kurang leuwih aya dina 500 m (dpl), jarak ka kacamatan nya éta 3 km jeung ka puseur dayeuh kabupatén kana 17 km. Désa Curug Réndéng aya dina kordinat *Lintang Selatan* 6°41'8" jeung *Bujur Timur* 107°40'10".

Désa Curug Réndéng kabagi kana lima dusun, nya éta 1) Dusun I Curug Réndéng, 2) Dusun II Curug Réndéng, 3) Dusun III Jabong I, 4) Dusun IV Jabong II, jeung 5) Dusun V Cinengah. Sarta ngawengku 12 Rw, jeung 42 Rt.

Wates wilayah Désa Curug Réndéng beulah kalér nya éta Désa Jalan Cagak, beulah wétan Désa Sarireja, beulah kidul Désa Cisaat Kacamatan Ciater, jeung beulah kulon watesna nya éta Kacamatan Sagalahérang.

Patali jeung sumber kahirupan masarakat (cai) sarta saluyu jeung topografi Désa Curug Réndéng, aya sababaraha séké pikeun minuhan kahirupan masarakat Désa Curug Réndéng nya éta séké cai Teja, Cicéréwéd jeung Cimutan.

Dumasar kaayaan, Désa Curug Réndéng diliwatan ku jalan provinsi nu nyambungkeun Kota Subang jeung puseur dayeuh Provinsi Jawa Barat nya éta Kota Bandung. Jalur jalan désa sapanjang 14 km jeung jalan perkebunan sapanjang 5 km. Ku ayana éta jalan, méré kauntungan sarta méré pisan mangpaat antukna jadi jalan utama sarta méré pangaruh kana ajén budaya jeung ékonomi masarakat Désa Curug Réndéng.

Tabél 3.1  
Taneuh Sawah

Wanda Sawah	Lega (Ha)
1. Sawah irigasi ½ téhnis	70.933 Ha/m <sup>2</sup>
2. Sawah tadah hujan	128.882 Ha/m <sup>2</sup>
Total lega (1+2+3+4)	199.765 Ha/m <sup>2</sup>

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

Tabél 3.2  
Taneuh Garing

Jenis Tanaeuh Garing	Lega (Ha)
1. Tegall/Ladang	239.017 Ha/m <sup>2</sup>
2. Pemukiman	70.575 Ha/m <sup>2</sup>
Total lega (1+2+3)	309.590 Ha/m <sup>2</sup>


*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

Tabél 3.3  
Taneuh Perkebunan

Wanda Perkebunan	Lega (Ha)
1. Taneuh Perkebunan Rahayat	11.300 Ha/m <sup>2</sup>
2. Taneuh Perkebunan Nagara	192.00 Ha/m <sup>2</sup>
Total lega (1+2+3+4)	203.300 Ha/m <sup>2</sup>

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

Gambar 3.1  
Lokasi Panalungtikan



Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017

Aep Saepudin, 2019

AJĒN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2.1.1 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Désa Curug Réndéng

#### 1) Cacah Jiwa

Jumlah Cacah Jiwa di Désa Curug Réndéng, Kacamatan Jalan Cagak, Kabupatén Subang nya éta 8.438 jiwa, lalaki 4.271 jiwa, jeung awéwé aya 4.167 jiwa, jeung jumlah *kepala keluarga* 2.611 KK.

Tabél 3.4  
Jumlah Cacah Jiwa

a. Jumlah Lalaki	4.271 jiwa
b. Jumlah awéwé	4.167 jiwa
c. Jumlah total (a+b)	8.438 jiwa
d. Jumlah kepala keluarga	2.611 KK
e. Kepadatan penduduk (c/Lega Désa)	87.97 per km

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

#### 2) Agama

Masyarakat Désa Curug Réndéng kurang leuwih 98% agama Islam. Ieu hal katitén tina data saperti ieu di handap.

Tabél 3.5  
Agama atawa aliran kapercayaan

Agama	Lalaki (Jiwa)	Awéwé (Jiwa)
1. Islam	4.266 jiwa	4.162 jiwa
2. Kristen	5 jiwa	5 jiwa
Jumlah	4.271 jiwa	4.167 jiwa

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

Tabél 3.6  
Sarana Ibadah

Jenis Prasarana	Jumlah (Buah)
1. Jumlah Masjid	10 Buah
2. Jumlah Langgar/Surau/Mushola	30 Buah

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

### 3) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Curug Réndéng mayoritas jadi patani, sarta aya ogé nu jadi buruh tani, Karyawan jeung PNS, tukang dagang, bidan, jeung pangsiunan TNI/POLRI.

Tabél 3.7  
Pakasaban

Pakasaban	Laki-laki (Jiwa)	Perempuan (Jiwa)
1. Patani	1172 jiwa	1044 jiwa
2. Buruh tani	44 jiwa	250 jiwa
3. Pegawai Negeri Sipil	98 jiwa	64 jiwa
4. <i>Pengrajin industri rumah tangga</i>	12 jiwa	15 jiwa
5. Tukang dagang <i>keliling</i>	36 jiwa	15 jiwa
6. <i>Peternak</i>	161 jiwa	19 jiwa
7. Dokter swasta	-	1 jiwa
8. Bidan swasta	-	3 jiwa
9. Pensiunan TNI/POLRI	26 jiwa	19 jiwa
10.	198 jiwa	171 jiwa
11.	-	2 jiwa
Jumlah	1847 jiwa	1621 Orang
<b>Jumlah total penduduk</b>	<b>3468 jiwa</b>	

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

### 4) Atikan

Tina segi atikan, mayoritas masarakat Désa Curug Réndéng lulusan SD, tapi teu saeutik ogé anu sakola SMP/MTs, SMA/SMK/MA, malahan aya nu nepi ka sarjana. Najan masih aya kénéh warga anu teu tamat sakola, lain hartina teu maliré kana kapentingan atikan. Éta hal bisa disababkeun ku sababaraha paktor, di antarana paktor ékonomi masarakat anu masih kénéh kurang, paktor tradisi masarakat anu kurangna pamahaman kana dunya atikan, jeung paktor-paktor séjén.

Kiwari, kaayaan atikan di Désa Curug Réndéng beuki ngalaman kamajuan. Ieu hal dibuktikeun ku ayana fasilitas nu ngarojong kana kalumangsungan atikan.

Tabél 3.8

Aep Saepudin, 2019

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Tingkat Atikan

Tingkat Atikan	Lalaki (Jiwa)	Awéwé (Jiwa)
1. Umur 3-6 taun anu can asup TK	76 jiwa	63 jiwa
2. Umur 3-6 taun anu TK/ <i>play group</i>	237 jiwa	225 jiwa
3. Umur 7-18 taun anu sakola	658 jiwa	686 jiwa
4. Umur 18-56 taun teu tamat SD	6 jiwa	5 jiwa
5. Tamat SD/ <i>sederajat</i>	1614 jiwa	1686 jiwa
6. Tamat SMP/ <i>sederajat</i>	648 jiwa	614 jiwa
7. Tamat SMA/ <i>sederajat</i>	762 jiwa	772 jiwa
8. Tamat D-2/ <i>sederajat</i>	10 jiwa	15 jiwa
9. Tamat D-3/ <i>sederajat</i>	24 jiwa	12 jiwa
10. Tamat S-1/ <i>sederajat</i>	130 jiwa	10 jiwa
11. Tamat S-2/ <i>sederajat</i>	4 jiwa	-
12. Tamat SLB A/B/C	4 jiwa	1 jiwa
Jumlah	4178 jiwa	4089 jiwa
<b>Jumlah total</b>	<b>8267 jiwa</b>	

Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017

Dumasar tabél tingkat atikan di luhur, dicindekeun yén masarakat Désa Curug Réndéng téh didominasi ku lulusan SD.

Tabél 3.9  
Atikan Pormal

Ngaran	Terakreditasi	Nu Boga		Jumlah Nu ngajar	Jumlah siswa/ Mahasiswa
		Pamaréntah	Swasta		
1. Play Group	3	-	3	9	92
2. TK	3	1	2	12	96
3. SD/ <i>sederajat</i>	6	4	2	54	1240
4. SMP/ <i>sederajat</i>	2	-	2	10	148
5. SMA/ <i>sederajat</i>	2	1	-	72	1150

Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017

Tabél 3.10

Aep Saepudin, 2019

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémitik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## Atikan non-pormal atawa kursus

Ngaran	<i>Terakreditasi</i>	Nu Boga (pamaréntah, yayasan, jrrd)	Jumlah Nu ngajar	Jumlah siswa/ Mahasiswa
1. Komputer	1	Yayasan	1	7
2. Seni Musik	1	Yayasan	1	7
3. Menjahit	1	Yayasan	1	7

*Sumber: Monografi Désa Curug Réndéng 2017*

### 5) Basa nu dipaké

Basa anu dioaké ku masarakat Désa Curug Réndéng nya éta basa Sunda. Sanajan aya sababaraha urang nu lain urang Sunda, tapi dina komunikasi sapopoé maké basa Sunda salaku alat komunikasi nu utama, luyu jeung kaayaan masarakat Désa Curug Réndéng.

### 6) Sistim Kapercayaan Masarakat

Sistim kapercayaan sakabéh masarakat Désa Curug Réndéng nya éta ageman agama Islam. Sok sanajan kitu, teu saeutik para sesepuh anu masih kénéh nyekel pageuh tradisi para karuhunna, kayaning meuleum menyan dina waktu-waktu nu tangtu, nyadiakeun sasajén dina acara-acara ritual kayaning dina Upacara Adat panén, atawa dina acara ngaruat, hajatan, jeung sajabana. Luyu jeung ajaran agama Islam, kabiasaan-kabiasaan para sesepuh téh dipatalikeun jeung ajaran agama Islam nyaéta dina babacaanna ogé sok maca lafadz-lafadz Alloh sarta ayat suci Al-Qur'an. Udagan dilakukeun éta kagiatan téh lain deui saukur keur para karuhun, tapi geus ditujukeun ukur ka Gusti nu Maha Suci nya éta Alloh Swt. pikeun ménta kalancaran, kasalametan, jeung dijauhkeun tina balai.

### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosès ngumpulkeun atawa meunangkeun data nu rèk ditalungtik. Nurutkeun Loflan & Loflan (dina Moleong, 2011, kc. 157) sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan atawa paripolah jalma, sarta data tambahan nu mangrupa dokumèntasi, jst. Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

#### 1) Kekecapan jeung Paripolah Informan

**Aep Saepudin, 2019**

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Kekecapan jeung paripolah informan nu diwawancara mangrupa sumber data nu utama, anu hasilna mangrupa catetan, rékaman, jeung foto, tina kagiatan ngaregepkeun, ningali, jeung nanya. Panalungtikan kudu dilakukeun kalawan sadar, jelas topikna, jeung puguh jujutanna, lantaran data kudu luyu jeung rumusan masalah (Moleong, 2011, kc. 157-1580).

2) Sumber Tinulis

Sumber tinulis mangrupa rerefènsi buku nu sipatna ilmiah, saperti skripsi, tèsis, buku-buku terbitan dina pamaréntahan, jurnal ilmiah, sumber informasi di lembaga pamaréntahan atawa asip nasional, jeung sajabana (Moleong, 2011, kc. 159).

3) Poto

Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2011, kc. 160) poto ilaharna dipakè pikeun nganalisis data nu dihasilkeun tina kagiatan panalungtikan.

4) Data Statistik

Data statistik mangrupa sumber data tambahan, sangkan data nu dipakè akurat. Data statistik pungsina pikeun nganteur jeung ngalelempeng panalungtik dina meunangkeun informasi, ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial, ékonomi, jeung sajabana (Moleong, 2011, kc. 162-163).

Dumasar tiori di luhur, sumber data nu dipakè dina ieu panalungtikan nya èta wawancara minangka hasil tina pikiran jeung paripolah tokoh, sesepuh, atawa aparat pamaréntahan désa nu apal kana kasenian Gembyung Dangiung Buhun. Sarta buku-buku sumber nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, jeung prosedur atawa alur panalungtikan.






**Tabél 3.11**  
**Data Informan & Narasumber**





No	Photo	Data Informan
1		Wasta : Wawan
		Yuswa : 54 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Kepala Desa Curug Rendeng
		Padumukan : Kp. Curug Réndéng Rt 12/04 Désa Curug Réndéng.
		Atikan : SMA
		Kalungguhan : Kepala Desa
2		Wasta : Ua Eman Suherman
		Yuswa : 49 taun
		Jenis Kelamin : lalaki
		Pakasaban : Ngurus Pangkonan: Karaton
		Padumukan : Sirnagalih Banten Kidul Kesepuhan Ciptagelar
		Atikan : -
		Kalungguhan : Seseuph & Tokoh Budaya Jalan Cagak Subang
3		Wasta : Warman Santi, S.Pd.
		Yuswa : 61 taun
		Jenis Kelamin : lalaki
		Pakasaban : Pensiunan
		Padumukan : Kp. Curug Réndéng Rt12/04 Ds. Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Subang.
		Atikan : S-1
		Kalungguhan : Tokoh Seni Ds. Curug Réndéng
4		Wasta : Ujang Rukmana
		Yuswa : 68 taun
		Jenis Kelamin : lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kp. Cikanyere Rt 22 Rw 05 Ds. Cisaat Ciater
		Atikan : SR (sekolah Rakyat)
		Kalungguhan : Seseuph / Tokoh Masarakat/ Tokoh Agama
5		Wasta : Mamat Suherman (Aki Herman)
		Yuswa : 59 taun
		Jenis Kelamin : lalaki
		Pakasaban : Wiraswasta
		Padumukan : Kp. Cinengahh
		Atikan : SD
		Kalungguhan : Pelindung Grup Dangiang Buhun/ Tokoh Seni Gembyung Dangiang Buhun

Aep Saepudin, 2019

*AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

6		Wasta : Zainal Arifin, S.Ag.
		Yuswa : 49 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : PNS Guru
		Padumukan : Kp. Cinengah
		Atikan : S-1
		Kalungguhan : Penasehat Grup Kasenian Gembyung Dangi-ang Buhun
7		Wasta : Dayat Hidayat
		Yuswa : 65 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SR
		Kalungguhan : Ketua Grup Gembyung Dangi-ang Buhun
8		Wasta : Misdi
		Yuswa : 65 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SR
		Kalungguhan : Seniman Gembyung Dangi-ang Buhun
9		Wasta : Yaya
		Yuswa : 57 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SD
		Kalungguhan : Seniman Gembyung Dangi-ang Buhun
10		Wasta : Ade Taryana
		Yuswa : 61 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SD
		Kalungguhan : Seniman gembyung

11		Wasta : Darping
		Yuswa : 54 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SR
		Kalungguhan : Seniman Gembyung Dangieng Buhun
12		Wasta : Wahyu
		Yuswa : 32 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SLTP
		Kalungguhan : Seniman Gembyung Dangieng Buhun
13		Wasta : Endang Cahyadi
		Yuswa : 39 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Pakasaban : Tani
		Padumukan : Kampung Cinengah
		Atikan : SD
		Kalungguhan : Seniman Gembyung Dangieng Buhun
14		Wasta : Arip Rahman Hakim
		Yuswa : 32 taun
		Jenis Kelamin : lalaki
		Pakasaban : BUMD Kab. Subang
		Padumukan : Kp. Cinengah
		Atikan : SMA
		Kalungguhan : Tokoh Pemuda Kampung Cinengah / Panongton Gembyung

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu utama dina ngayakeun panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Sugiyono (2016, kc. 308) nétélakeun yén panalungtikan mangrupa léngkah nu utama dina panalungtikan, sabab udagan utama dina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data.

Nurutkeun James Danandjaja (1984, kc. 185) téhnik ngumpulkeun data miboga udagan pikeun *pengarsipan* jeung dokuméntasi nu ngawengku tilu hal nyaéta tahap *prapanalungtikan* di tempat (tahap tatahar atawa rarancang panalungtikan), tahap panalungtikan di tempat (obsèrvasi jeung wawancara), jeung tahap *pengarsipan*. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka, obsèrvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

##### 1) Téhnik Talaah pustaka

Téhnik talaah pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data tulisan pikeun nangtukeun dokuméntasi tinulis nu aya patalina jeung kasenian Gembyung. Dina ieu panalungtikan dokuméntasi tinulis anu dipaké di antarana; buku nu patali jeung Gembyung, karya ilmiah, buku kasenian Jawa Barat, jeung buku budaya Sunda. Salian ti data pustaka, ngagunakeun ogé studi pustaka anu dilaksanakeun di Perpustakaan Pusat UPI jeung Pabukon Departemen Pendidikan Bahasa Sunda.

##### 2) Téhnik Obsèrvasi

Tèhnik obsèrvasi nyaéta tèhnik anu dipaké pikeun meunangkeun data sacara langsung tur akurat, kana naon-naon nu katingali, jeung karasa waktu ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan di lapangan ngeunaan kasenian gembyung di Grup Dangiang Buhun Kampung Cinengah Désa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang.

##### 3) Téhnik Wawancara

Tèhnik wawancara nyaéta prosés ngumpulkeun data ngaliwatan tanya jawab jeung narasumber. Ari anu jadi narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta sesepuh, tokoh masarakat, pupuhu, tokoh seni, tokoh budaya Kacamatan Jalan Cagak, jeung palaku seni kasenian Gembyung Dangiang Buhun Kampung Cinengah Désa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang.

#### 4) **Téhnik Dokuméntasi**

Téhnik Dokuméntasi nyaéta téhnik nu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sagala hal anu aya patalina jeung kasenian Gembyung Dangiing Buhun.

#### 3.3.2 **Instrumént Panalungtikan**

Instrumèn panalungtikan nya éta sakabèh alat nu dipaké ku panalungtik dina proses panalungtikan. Dina kagiatan panalungtikan, pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data sangkan bisa ngahontal udagan panalungtikan, tangtu instrumén jadi salasahiji aspék anu penting. Ku kituna, instrumèn anu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

##### 1) **Hapé atawa Ponsel**

Hapé atawa *ponsel* dipaké pikeun alat komunikasi, moto kagiatan panalungtikan, sarta ngarékam dina prosés ngumpulkeun data nalika wawancara jeung narasumber, ngeunaan kasenian Gembyung Dangiing Buhun.

##### 2) **Kamèra Digital**

Kamèra digital dipaké pikeun ngadokuméntasikeun kagiatan-kagiatan dina wangun poto atawa video.

##### 3) **Buku Catetan**

Buku catetan digunakeun pikeun nyatet sagala hal nu patali jeung kagiatan panalungtikan, utamana nalika ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber.

##### 4) **Padoman wawancara**

Dina panalungtikan padoman wawancara dipakè pikeun nyangking informasi lisan. Padoman wawancara kudu aya sangkan prosés wawancara lancar tur nalika ngawawancara narasumber, data naon waè anu diperlukeun bisa dibeunangkeun sangkan luyu jeung data anu dibutuhkeun. Padoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta sajumlahing pananya saperti ieu di handap.

Tabél 3.12  
Biodata Informan jeung Daftar Patalékan

Instrumén I :

No	Biodata Informan
1.	Waktu wawancara :
2.	Wasta :
3.	Yuswa :
4.	Jenis Kelamin :
5.	Atikan :
6.	Pakasaban :
7.	Kalungguhan :
8.	Padumukan :

Instrumén II :

No	Daftar Patalékan	
1.	Asal muasal kasenian Gembyung	1) Naon sababna disebut Gembyung? 2) Naha ieu kasenian dingaranan gembyung Dangiing Buhun? 3) Ti iraha mimiti dipikawanoh kasenian Gembyung Dangiing Buhun? 4) Saha anu mimiti naratas kasenian Gembyung Dangiing Buhun?
2.	Kamekaran kasenian Gembyung Dangiing Buhun	5) Kumaha kamekaran kasenian gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah Désa Jalan Cagak ? 6) Ti mimiti kasenian gembyung Dangiing Buhun naha aya parobahan dina waditra jeung lalaguanana ?
3.	Alat jeung bahan dina kasenian Gembyung dangiing Buhun	7) Waditra naon waé anu dipaké dina kasenian gembyung Dangiing Buhun? 8) Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké nalika mintonkeun kasenian gembyung Dangiing Buhun?

Aep Saepudin, 2019

AJĒN RÉLIGI DINA KASENIAN GEMBYUNG DANGIANG BUHUN KAMPUNG CINENGAH DESA CURUG  
RENDENG KACAMATAN JALAN CAGAK KABUPATEN SUBANG (Tilikan Sémitik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4.	Prak-prakan kasenian gembyung Dangiing Buhun	<p>9) Iraha jeung dimana kasenian gembyung Dangiing Buhun dipintonkeun ?</p> <p>10) Kasenian Gembyug Dangiing Buhun dipintonkeun pikeun kapentingan naon ?</p> <p>11) Naha aya ritual husus atawa henteu saméméh minton ?</p> <p>12) Saha waé anu bisa ilubiung dina kasenian Gembyung Dangiing Buhun ?</p> <p>13) Sabaraha urang palaku kasenian Gembyung Dangiing Buhun?</p> <p>14) Kumaha prak-prakan kasenian Gembyung Dangiing Buhun?</p> <p>15) Lalaguan naon waé anu dipaké pikeun mirig kasenian Gembyung Dangiing Buhun ?</p> <p>16) Naon sababna éta lagu dipaké ?</p> <p>17) Naon pungsi kasenian gembyung Dangiing Buhun pikeun palaku seni jeung masarakat ?</p>
5.	Layang Pangajén	<p>18) Naha kasenian Gembyung Dangiing Buhun kungsi meunang layang pangajén ? Naon waé ?</p>
6.	Tarékah	<p>19) Kumaha tarékah mageuhan jeung mekarkeun kasenian Gembyung Dangiing Buhun sangkan ieu kasenian leuwih dipikawanoh jeung dipikaresep ku masarakat ?</p> <p>20) Aya teu tarékah pamaréntah pikeun ngamumulé kasenian Gembyung Dangiing Buhun ?</p>



### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, diteruskeun kana ngolah data, sarta diteuleuman nepi ka meunangkeun ajèn rèligi jeung unsur sémiotik anu aya dina kasenian gembyung. Data-data nu geus kacangking tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- a. Nitènan deui data nu geus kakumpul;
- b. Nganalisis jeung milah-milah data nu geus kakumpul tuluy di olah;
- c. Nganalisis ajèn rèligi anu aya dina kasenian gembyung Dangiing Buhun di Kampung Cinengah Dèsa Curug Rendeng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatèn Subang;
- d. Ngadèskripsikeun data;
- e. Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Data-data anu geus dikumpulkeun waktu panalungtikan di lapangan, diidéntifikasi, diolah tuluy dianalisis kalawan ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditetepkeun, ieu hal dilakukeun pikeun ngajawab pasualan-pasualan anu aya dina rumusan masalah. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) mariksa data nu geus kakumpulkeun;
- 2) milah-milah data hasil panalungtikan;
- 3) ngadèskripsikeun data luyu jeung udagan panalungtikan;
- 4) nyieun vérifikasi data;
- 5) nganalisis data hasil panalungtikan; jeung
- 6) nyieun kacindekkan data nu geus kapaluruh.